

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan metode panalungtikan anu ngawengku metode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan.

3.1 Metode Panalungtikan

Metode panalungtikan nyaéta prosés ilmiah pikeun maluruh paélmuan sacara sistematis dumasar kana bukti fisik (Purnia, D. S., & Alawiyah, T., 2020, kc. 13). Dina prak-prakanna, métode panalungtikan bisa mangrupa angkét, wawancara, atawa observasi dina maksud maluruh data luyu jeung jejer panalungtikan.

Ieu panalungtikan téh mangrupa panalungtikan kualitatif. Ku kituna hasil tina panalungtikan dipedar dina wangun kalimah-kalimah nu ngaguluyur. Métode panalungtikan kualitatif ieu dipilih dumasar kana pamadegan Sugiyono nu nétélakeun yén métode panalungtikan kualitatif téh sok disebut panalungtikan étnografi ku sabab dina kamekaranana ieu métode sok digunakeun dina panalungtikan antropologi budaya (Sugiyono., 2013, kc. 8). Numutkeun Purnia jeung Alawiyah panalungtikan kualitatif nyaéta métode riset nu nembrakeun pedaran ngagunakeun analisis (Purnia, D. S., & Alawiyah, T., 2020. kc. 21).


Anapon métode pikeun ngaguar hasil ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode analisis déskriftif. Ieu métode dipaké ku cara ngadéskripsiéun hasil analisis tina sumber pustaka. Tina métodé analisis déskriftif ieu téh baris dipedar ngeunaan strukturalisme carita jeung aspék-aspék antropologi sastra nu aya jeung nyampak dina novél *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman.

Pikeun ngumpulkeun data panalungtikan kualitatif, salah sahiji téhnik nu bisa digunakeun téh nyaéta téhnik studi pustaka. Téhnik ngumpulkeun data dina dokumen atawa sumber daata téh disebutna studi pustaka (Sugiyono., 2013, kc. 137). Nurutkeun Zed dina (Supriyadi, 2017, kc. 85) studi pustaka téh nyaéta rangkéan kagiatan patali jeung téhnik ngumpulkeun data pustaka, maca, nyutat, tur ngolah bahan panalungtikan. Tangtuna waé ieu panalungtikan téh sumber data nu pangutamana tina bahan-bahan literatur buku jeung literatur-literatur internet (Jurnal ilmiah jeung sajabana). Udagan tina téhnik téh nyaéta pikeun ngulik fakt-fakta nu patali jeung objék panalungtikan (Nurmala & Suherman, 2021, kc. 172).

Anapon sumber-sumber nu dipaké pikeun ngamundeulan ieu panalungtikan téh nyaéta tina buku-buku tiori, jurnal panalungtikan, artikel ilmiah, skripsi jeung artikel berita nu sanggeus dibaca aya patalina jeung panalungtikan ieu. Sanggeus kitu, unggal data nu geus dipaluruh tina objék panalungtikan téh diolah maké téhnik analisis déskriptif.

3.2 Desain Panalungtikan

Sangkan data panalungtikan nu dipaluruh téh sistematis, panalungtik nyieun rarangka panalungtikan. Éta rarangka téh disebutna Desain panalungtikan. Nurutkeun Sarwono Désain panalungtikan téh lir ibarat panuduh jalan pikeun metakeun arah lumangsungna prosés panalungtikan kalawan bener tur luyu jeung udagan nu geus ditangtuken (Sarwono, 2009, kc. 79). Cindeknah mah sangkan panalungtik teu ngabangbalérkeun kana desain panalungtikan nu dilaksanakeun, panalungtik boga léngkah-léngkah saperti kieu:



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.3 Téhnik Panalungtikan

Panalungtikan tantuna dilaksanakeun teu sagawayah, udagan anu geus jadi dikotrétd kudu dihontal ku cara nu sistematis. Panalungtikan anu sistematis tangtuna bakal meunangkeun hasil nu nyugemakeun. Téhnik panalungtikan nyaéta prosedur anu kudu dilaksanakeun kalawan métodeu anu tangtu pikeun ngahontal udagan panalungtikan (Suyatna, 2011, kc. 18). Kituna ieu panalungtikan maké prosedur anu geus ditangtuken timimiti téhnik ngumpulkeun data nepi ka téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun téhnik ngumpulkeun data sacara studi pustaka. Anapon studi pustaka mangrupa téhnik nu dilaksanakeun sacara maluruh

data tina sumber-sumber literatur. Anapon lénkah-lénkahna: kahiji néangan sumber data, kadua maca naskah, katilu, ngaidentifikasi masalah, jeung kaopatna, ngarumuskeun masalah.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nu dipaké dina panalungtikan ieu nyaéta téhnik analisis. Analisis mangrupa tarékah nu dilaksanakeun kalawan milah-milah data sangkan bisa ditepikeun ka jalam séjén (Moleong, 2007, kc. 248). Anapon data anu dipaluruh nyaéta Struktur carita jeung unsur-unsur antropologi sastra dina novél *Balaganjur* karya Syafe'i Bastaman.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa pakakas nu digunakeun ku panalungtik sangkan dina maluruh data leuwih sistematis tur taliti (arikunto 2013. Kc 13). Anapon instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tabel jeung kartu data nu dijéntrékeun luyu jeung identitasna. Anapon format tabél jeung kartu data nu dipaké pikeun maluruh jeung nganalisis data téh baris diterangkeun di handap.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Sangkan dina maluruh data téma dina panalungtikan ieu jadi leuwih babari, digunakeun kartu data. Ieu kartu data téh dieusian luyu jeung data nu dipaluruh, anapon kartuna saperti di handap.

Tabél 3.1
Kartu Data Téma

No	Tema	Cutatan	Kode
...

Pikeun maluruh data ngeunaan fakta-fakta carita, digunakeun kartu data. Ieu kartu data téh dieusian luyu jeung data nu dipaluruh, anapon kartu datana saperti di handap.

Tabél 3.2
Kartu Data Fakta Carita
(Galur, Palaku, Panokohan jeung Latar)

No	Fakta Carita	Cutatan	Kode
...

Pikeun maluruh data ngeunaan sarana sastra, digunakeun kartu data. Ieu kartu data téh dieusian luyu jeung data anu dipaluruh, anapon kartu datana saperti di handap.

Tabél 3.3
Kartu Data Sarana Sastra
(Judul/Puseur Implengan/Gaya Basa)

No	Sarana Sastra	Cutatan	Kode
....

Ieu di handap mangrupa conto kartu data anu geus dieusi ku hasil tina maluruh novél *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman.

Tabél 3.4
Conto Kartu Data Téma

No	Téma	Cutatan	Kode
1.	Téma ka 1	NB/SC/T1/12

Keterangan:

Kode : NB/SC/T1/11

NB : Novél *Balaganjur*

SC : Struktur Carita

L1 : nuduhkeun latar kahiji

12 : nuduhkeun data nu kapaluruh tina kaca 12

Tabél 3.5
Conto Kartu Data Fakta Carita
(Galur, Palaku, Panokohan jeung Latar)

No	Fakta carita	Cutatan	Kode
1.	Latar Waktu	<i>Hiji soré halodo geus měh sausum. Ki Sarnem diuk sila tutug tepas.</i> (Novél <i>Balaganjur</i> , kc. 12)	NB/SC/FC/L1/12

Keterangan:

NB : Novél *Balaganjur*

SC : Struktur Carita

FC : Fakta Carita

L1 : latar Tempat kahiji

11 : nuduhkeun data nu kapaluruh tina kaca 11

Tabél 3.6
Conto Kartu Data Sarana Sastra
(Jejer, Puseur Implengan, jeung Gaya Basa)

No	Sarana Sastra	Cutatan	Kode
1.	Jejer ka 7	<i>"Tuan Fajadin"</i> (Novél <i>Balaganjur</i> , kc. 48)	NB/SC/SS/J7/11

Keterangan:

Kode : NB/SC/SS/GB/11

NB	: Novél <i>Balaganjur</i>
SC	: Struktur Carita
SS	: Sarana Sastra
GB	: Gaya Basa
11	: Nuduhkeun data nu dipaluruh tina kaca 11

Antropologi sastra nu nyangkaruk dina novél *Balaganjur* karya Suaféi Bastaman dipaluruh dina tabél saperti kieu:

Tabél 3.7
Conto Kartu Data Antropologi Sastra

No	Antropologi Sastra	Cutatan	Kode
1.	Mangsa Heubeul		
2.	Kaarifan Lokal		
3.	Folklor		
4.	Mitos		

Ieu mangrupa conto kartu data anu geus dieusian data antropologi sastra dina novél *Balaganjur*:

Tabél 3.8
Conto Kartu Data Unsur Antropologi Sastra

No	Antropologi Sastra	Cutatan	Kode
1.	Mangsa Heubeul	“Jumed olohol da puguh saumur dumelah kakara ngadéngé harita bapana sakitu digjayana”. (Novél <i>Balaganjur</i> , Kc 14)	NB/AS/MH/14

Keterangan:

Kode : NB/AS/MH/14

NB : Novél *Balaganjur*

AS : Antropologi Sastra

MH : Mangsa Heubeul

14 : Nuduhkeun data nu dipaluruh tina kaca 11

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén ngolah data dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun kartu analisis data. Anapon nu dianalisis ngagunakeun kartu analisis data téh nyaéta Struktur carita jeung unsur antropologi sastra nu kasampak dina novél *Balaganjur* karya Syafé'i Bastaman.

3.4.2.1 Kartu Analisis Data Struktur Carita

1) Téma

Sanggeus data dipaluruh, téma dina ieu novél téh baris dianalisis dumasar kana eusi cutatan nu kapanggih. Anapon kartu analisis na saperti tabél di handap.

Tabél 3.9
Kartu Analisis Data

Tema	(Kode data)
Cutatan:	
Analisis:	

Anapon Conto kartu analisis data anu geus dieusian jadina saperti kieu;

Pasualan:	(NB/SC/P1/14)
Juméd hayang muka pihumaeun di Gunung Tilu	
Cutatan:	
Tapi kieu cenah Lot, ceuk seja, Gunung Tilu téh ayeuna mah geus jadi milik Juragan Wira. Malah carita batur capsinga na ogé geus dipasrahkeun ku Juragan Camat. Sedeng kuring kapan sakieu nyéngsréngna, hayang muka pihumaeun téh di dinya pisan.	
Analisis:	
Pasualan kahiji dina novél téh nyaéta hayangna Jumed muka pihumaeun di Gunung Tilu anu geus jadi milik Juragan Wira.	

Keterangan:

- NB: Novél *Balaganjur*
 SC: Struktur Carita
 P1: Pasualan Kahiji
 14: Kaca ka 14

2) Fakta Carita

Data fakta carita anu ngawengku galur, palaku jeung latar, dianalisis dumasar kana data nu kapanggih tina novél. Data éta baris dianalisis tur cutatan tina tiap data na di susun rapih, anapon kartu analisis na saperti di handap.

Tabél 3.10
Kartu Analisis Data Fakta Carita

Fakta carita :	(Kode data)
Cutatan :	
Analisis :	

Anapon kartu analisis data fakta carita anu geus dieusian jadina saperti kieu:

Fakta Carita	: Latar Waktu (Hiji Soré)
Cutatan	: Hiji Soré halodo geus méh sausum.
Analisis	: Hiji soré halodo geus méh sausum. Kalimah ieu nuduhkeun waktu soré alias burit nu keur usum halodo (panas). Kituna katitén dina ieu novél miboga latar waktu nu mangrupa salah sahiji fakta carita dina struktur carita.

Keterangan:

- NB : Novél *Balaganjur*
- SC : Struktur Carita
- FC : Fakta Carita
- L : Latar
- 12 : Kaca ka 12

3) Sarana Sastra

Anapon kartu nu dipaké pikeun nganalisis sarana sastra saperti di handap:

Tabél 3.11
Kartu Analisis Data Sarana

Sarana Sastra	:	(Kode Data)
Cutatan	:	
Analisis	:	

Anapon kartu analisis data sarana sastra anu geus meunang ngeusian jadina saperti kieu:

Sarana Sastra	: Gaya Basa (Moyok)	(NB/SC/SS/GB/13)
Cutatan	: Sia mah Horéam satéh ku sangetna.	
Analisis	: “Sia mah horéam satéh ku sangetna”. Dina kalimah ieu Ki Sarnem moyok ka budakna si Jumed lantaran si Jumed nu borangan. Kituna katitén dina novél ieu aya struktur sarana sastra anu mangrupa gaya basa moyok.	

Keterangan:

- NB : Novél *Balaganjur*
- SC : Struktur Carita
- SS : Sarana Sastra
- GB : Gaya Basa
- 13 : Kaca ka 13

3.4.2.2 Kartu Analisis Data Antropologi Sastra

1) Mangsa Heubeul

Kartu analisis data pikeun mangsa heubeul dina novél *Balaganjur* saperti di handap.

Tabél 3.12
Kartu Analisis Data Mangsa Heubeul

Mangsa Heubeul:	:	Kode Data
Cutatan :	:	
Analisis:	:	

2) Kaarifan Lokal

Kartu data pikeun nganalisis kaarifan lokal dina novél *Balaganjur* saperti di handap.

Tabél 3.13
Kartu Analisis Data Kaarifan Lokal

Kaarifan Lokal	:	
Cutatan	:	(Kartu Data)
Analisis	:	

3) Folklor

Kartu data pikeun nganalisis folklor dina novél *Balaganjur* saperti di handap.

Tabél 3.14
Kartu Analisis Data Folklor

Folklor	:	
Cutatan	:	(Kode Data)
Analisis	:	

4) Mitos

Kartu data pikeun nganalisis mitos dina novél *Balaganjur* saperti di handap.

Tabél 3.15
Kartu Analisis Data Mito

Mitos	:	
Cutatan	:	(Kode Data)
Analisis	:	

Anapon kartu analisis unsur antropologi anu geus meunang ngeusian jadina saperti kieu:

Unsur Antropologi	:	Mangsa Heubeul
Cutatan	:	Ngomongna kitu téh bari haténa nyoréang ka nu geus liwat (NB/AS/MH/13)
Analisis	:	: Dina kalimah “Nyoréang ka nu geus liwat” nandakeun yén Ki Sarnem ngabayangkeun kahirupan mangsa katukang anu geus kaliwatan ku manéhna. Kituna ieu nuduhkeun yén unsur antropologi sastra Mangsa Heubeul katitén dina ieu novél.

Keterangan:

- NB : Novél *Balaganjur*
- AS : Antropologi Sastra
- MH : Mangsa Heubeul
- 13 : Kaca ka 13

3.5 Data jeung Sumber Panalungtikan

Pikeun meunangkeun hasil panalungtikan anu rélevan kana udagan mimiti anu geus dirumuskeun panalungtik tangtuna moal bisa leupas tina maluruh data jeung sumber data.

3.5.1 Data

Data nu dipaluruh dina ieu panalungtikan téh nyaéta struktur carita jeung unsur antropologi sastra nu nyampak dina novél *Balaganjur* Karya Syafe'i Bastaman. Struktur carita ngawengku téma, sarana sastra, jeung fakta carita. Salian ti medar ngeunaan struktur carita, panalungtik oge baris medar unsur-unsur antropologi sastra nu ngawengku mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklore, jeung mitos.


3.5.2 Sumber data

Data nu dipaluruh nyaéta sagemblengna eusi carita novél *Balaganjur* karya Syafe'i Bastaman. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) sumber data panalungtikan nyaéta subjék data anu ditalungtik. Anapon sacara gurat badagna, data anu ditalungtik ngawengku jalma (person), sumber data nu bisa méré jawaban tina angkét jeung wawancara. Nu kadua, tempat (place) sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Nu katilu, kertas (paper) sumber data nu mangrupa tanda-tanda atawa simbol séjén. Anu kaasup sumber paper nyaéta dokumen.

Dumasar kana pedaran di luhur, sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta kertas (paper), ku sabab novél kaasup kana sumber data tinulis atawa dokumén. Salian ti novél *Balaganjur*, panalungtikan ieu ogé dideudeulan ku dokumén-dokumén séjén, saperti buku jeung jurnal ilmiah.

3.5.2.1 Idéntitas Buku

- 1) Jejer : *Balaganjur*
- 2) Pangarang : Syafe'i Bastaman
- 3) Kandel Kaca : 152 Kaca



**Gambar 3.1
Jilid Novél Balaganjur**

Balaganjur: Sempalan Tilu Jaman ngagambarkeun suka-larana jalma-jalma leutik nu dumuk di lembur singkur enggoning ngingelan kahirupan mangsa penjajahan Walanda jeung Jepang sarta nguniangna sumanget ngahontal kamerdekaan. Nu jadi tokoh séntralna téh Mama Wira sakulawarga, pangsiunan halipah nu ngababakan di léngkob Gunung Tilu, gunung leutik nu puncakna aya tilu paungku-ungku. Rupa-rupa kajadian sapopoé nu dicaritakeunana téh, lain nu pikahélokeun. Ngan baé matak kataji lantaran ngébréhkeunana maké basa sapopoé nu hirup pisan. Lian ti éta euyeub ku basa wewengkon Padahérang di pakidulan Ciamis nu kawasna carang kadangu dina paguneman sapopoé urang Priangan séjéenna. Anapon anu dipedar dina ieu novél aya opat jejer nyaéta 1) *Pupuhu di Gunung Tilu*, 2) *Gunung Tilu*, 3) *Lingsir Ngidul di Tutugan Gunung Tilu*, 4) *Kingkilaban di Gunung Tilu*.

3.5.2.2 Biografi Singget Pangarang

Carpon basa Sunda karya Syaféi Bastaman remen kabaca dina si patahanan, panghégar jeung majalah Sunda. Tulisan-tulisanana umumna ngagunakeun basa sapopoé bari diselapan ku unsur-unsur humoristik. Tulisanana kungsi di dokumentasikeun ku Ajip Rosidi nyaéta "*Taptu*" nu mangrupa sajak jeung "*Si Likur*" nu mangrupa carpon. Duanana dimuat dina *Kanjut Kundang: Prosa jeung Puisi Sunda Sabada Perang* (1963; 2013).

Syaféi Bastaman nu gelar 17 April 1928, kacatet dina jaman perang kamerdékaan jadi tentara pelajar ngagabung ka CPS: Corps Pelajar Siliwangi.

Malah kungsi milu hijrah ka Jogjakarta. Diteruskeun deuih jadi tentarana téh. Taun 1950-an ditugaskeun jadi manajer di pabrik sabun "Gaya" perusahaan swasta nu personilna loba nu kungsi jadi tentara. Saterusna mah martikulir. Pindah ti Jakarta ka sarakan di Padahérang jadi pembina masyarakat, kaasup mahikikeun anggota-anggota véteran dina kagiatan tatanén. Malah kungsi jadi salah saurang pimpinan DPRD Kabupaten Ciamis, dina catetan H.D Bastaaman, Syafé'i Bastaman kaasup konseptor nu nyongcolang. Anjeunna ogé salah saurang nu naratas ngadegna Universitas Galuh di Ciamis.

Syafé'i Bastaman katiten pang"seniman"na di kulawargana lantaran tapis nulis, tabah ngagambar jeung parigel ngigel. Malah kasebut boga hobi anyar nyaéta ngukir iteuk tina rupa-rupa kai dahan saméméh Syafé'i Bastaman ngantunkeun dina 11 Januari 1996.